

Yon prensip pwodiktivite Planifikasyon Efikas



**“Tout antrepriz bati ak bon planifikasyon.”
Pwovèb 24:3**

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Gen diferan opinyon sou kijan nou t a dwe oubyen pa t a dwe planifye vi nou. Gen demoun ki site fraz levanjil ki di « ou pa bezwen enkyete w pou demen », yo panse sa vle di moun pa bezwen gen plan pou anyen. Anpil kwayan kenbe opinyon sa a. Natirèlman, gen lòt moun ki pa dakò. Men konsidere Jezi ki te di fraz sa a, li te vini nan lemonn nou a ak yon misyon byen planifye Bondye te bali ak objektif epi yon tan byen kalkile. Sa fè nou krè noumenmtou nou t a dwe planifye vi nou. Opinyon pèsònèl mwen se ke nou t a dwe viv vi nou kòm si nou va mouri demen, pandan n ap fè plan kòm si nou va vin santan (100 lane). Pa genyen anpil bagay ki janm reyalize san yon vizyon lavni epi yon plan pou fè yo vini reyalite. Avèk bon planifikasyon katrevendipousan (90%) lavi nou gendwa reyalize jan nou te prevwa li. San yon plan, nou jis reyaji devan sitiyasyon yo jan yo prezante. Se oubyen nou genyen yon plan pou vi nou oswa nou vin yon pati nan plan yon lòt moun. Yon bon planifikasyon va evite nou yon pakèt pwoblèm nan tout aspè vi nou, sa va fè l genyen plis lòd epi bali plis sans. Pou plan nou genyen plis siksè, li dwe genyen twa (3) eleman sa yo ladan li :

1. Nou dwe genyen yon vizyon.
2. Li dwe defini misyon nou.
3. Nou dwe genyen yon estrateji sou kijan nou anvizaje reyalize li.

Nou dwe genyen vizyon si nou vle kontan--- li va tounen misyon ak bi nou. Misyon an va answit mande

pou nou genyen yon plan ak objektif espesifik.

Youn nan pati ki pi enpòtan nan lavi nou se pou fè eksperyans siksè. Tout bon plan genyen objektif kout epi long tèms ki genyen yon tan detèmine ak dat presi (kalandriye) pou yo reyalize. Konsa nou kapab mezire pwogre nou. Li vin tounen yon « plan jwèt » ak responsabilite epi règ pou swiv. Plan an vin tounen règ jwèt la. Imajine w jwe baskètbòl san yon panye, oswa bezbòl san baz (foutbòl san kan), nou pa ta kapab janm konnen si n ap genyen oswa si n ap pèdi, ousinon si n ap jwe byen oubyen si n ap jwe mal. Pa genyen mwayen mezire pwogre nou si pa genyen ni plan ni objektif pou jwèt la. Li difisil pou jwi vakans si w pa genyen yon bon plan ki reyalis sou kibò w prale ak konbyen sa va koute. Se plan an ki lakòz tout eksitasyon a. Plan a va montre nou kilè ak kijan pou nou rive kote nou prale a. Nou dwe planifye ak sajès toutvi nou. Sa rann lavi enteresan. Si nou vle genyen siksè ak benediksyon Bondye, plan nou dwe konsidere kat (4) pwèn sa yo:

1. Eske li reyalizab?
2. Eske nou kapab mentni li lè nou fin reyalize l?
3. Ki efè li va genyen sou fanmi ak zanmi nou?
4. Kisa nou va devni alafen?

Se pa tout bagay nou planifye ki va mache, men omwens nou kapab mezire swivan plan nou epi fè ajisteman kòm sa dwa. Bondye vle nou planifye vi nou. Li va beni plan nou lè nou va cheche li pou li gide nou. Sa rele planifye ak sajès. Nou dwe asire nou n ap bati (planifye vi nou) sou yon seri valè ki va pwodwi bon karaktè pandan nou lan pwosesis reyalize li, ousinon nou va echwe olye nou reyisi.

Prensip sa se yon pati nan pwogram yon lane devlopman karaktè :

Fondasyon pou Siksè

Panse pou medite :

Ou kapab vwayaje epi rive nenpòt kote, men si w konnen kote w prale ou dwe planifye ki wout ou va pran.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete